

Ou fè pati solisyon an...  
kounyeya reponn telefòn nan!



Ou te ret lakay ou!



Ou mete mask!



Kounyeya, reponn telefòn nan!

Pandan n ap konbat kowonaviris la ansanm, li enpòtan pou retrase chak fwa moun te ekspoze nan viris COVID LA pou kanpe pwopagasyon an.

NYS Contact Tracing Program (Pwogram pou Retrase Kontak nan Eta New York) la travay avèk moun ki teste pozitif pou COVID-19 yo pou detèmine ak ki moun yo te gen kontak. Gen espesyalis kalifye ki enfòmè kontak sa yo pou fè yo konnen ke petèt yo te ekspoze. Si yo idantifye w kòm yon kontak, ou pral resevwa yon koutfil k ap soti nan **“NYS Contact Tracing”** (518-387-9993).

Kòm moun ka transmèt maladi a san yo pa gen okenn sentòm, li enpòtan anpil pou n avize moun, fè yo konnen ke petèt yo te ekspoze, pou n kanpe pwopagasyon an.

Donk, si w resevwa yon koutfil ki soti nan **“NYS Contact Tracing”** (518-387-9993), tanpri reponn telefòn nan. Apèl la sekre ak prive.

**Tanpri Reponn Telefòn nan**  
pou nou ka fè NY avanse epi pou n  
kanpe pwopagasyon COVID-19.